



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI PWOMNAD BÒ DLO REVITALIZE PAK SOUTHPOINT KI KOUTE 11 MILYON DOLA

*Pwojè a priyorize vi panoramik yo, rezistans litoral la ak pwoteksyon abita*

*Foto pak ki fini an disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti de nouvo pwomnad bò dlo ki elaji ak amelyore nan Pak Southpoint Roosevelt Island lan. Pwojè revitalizasyon 11 milyon dola a elaji pwen obsèvasyon zile a avèk santye ak vejetasyon natif natal, epi ranfòse litoral la kont domaj tanpèt alavni.

"Reyalite a sè ke nou obsève plis ka move tan ke chanjman klimatik lakòz ki fè ravaj nan kominote nou yo, epi nou dwe ranfòse rezistans nou kont menas sa a", Gouvènè Hochul te deklare. "Non sèlman nouvo pwomnad Pak Southpoint yo pral ofri panorama enteresan ak aksè nan istwa rich Roosevelt Island, men tou amelyorasyon yo ki fèt nan litoral la pral ede asire zile a rete pwoteje kont enpak move tan pou plizyè ane alavni".

Pak Southpoint twa ekta a te ouvri pou piblik la nan mwa out 2011. Yon ane nan pita, Gwo Tanpèt Sandy te sakaje New York epi te lakòz domaj nan litoral eta a yo, sa ki te agrave vilnerabilite zile a pou tanpèt sa yo. Pwojè sa a gen ladan mezi pou pwoteje 1,600 pye lineyè litoral kont evènman tankou Sandy ak entegre apeprè 34,000 pye kare peyizaj nouvo ak natif natal ki pral kenbe ak ankouraje lavi sovaj ak ensèk yo, pandan l ap bay pi bon vi panoramik anndan ak alantou pak la.

"Gwo tanpèt Sandy te montre kijan chanjman klimatik reyèl ak devastatè kapab ye", **Shelthon J. Haynes, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Roosevelt Island Operating Corporation, te deklare.** "Efò rediksyon yo nou te pran yo pou pwoteje ak ranfòse litoral Pak Southpoint lan te nesèsè ak vizyonè. Bonis la sè ke nou te kreye an menm tan yon plas fèt il entegral - yon bagay nou trè fyè de li epi pa ka tann pou wè rezidan ak vizitè nou yo ap jwi li".

Vizitè yo nan nouvo Pak Southpoint revitalize a pral jwi vi espektakilè Pak la apati pwen obsèvasyon elaji ak amelyore yo, pwomnad trankil atravè santye ki gen koub yo ki bòde avèk vejetasyon epi yon chans pou redekouvri rivaj dinamik New York la pandan y ap relache sou chèz ki aksesib yo. Anplis de sa, gwoup kominotè nan Roosevelt Island ap travay avèk responsab zile a yo pou kreye pano edikatif sou

vejetasyon natif natal yo ansanm ak lavi sovaj zile ak rivyè a, tout sa yo ap afiche nan Pak Southpoint.

"Objektif nou se te pou elaji itilizasyon rekreyatif pak la pandan sa ap kenbe ak ankouraje lavi sovaj nan abita natirèl yo", **Prince Shah, Direktè Asistan Capital Planning and Projects**, te deklare, "Nou aktyèlman ap travay avèk manm kominote a ki konsantre sou efò dirabilite ak prezèvasyon yo pou kreye ak enstale pano edikatif ki gen ladan plant ak bèt sovaj ki abite nan zòn lan".

Pwojè revitalizasyon 11 milyon dola a te kòmanse nan jiyè 2020 epi te fini anvan lè ak selon bidjè a.

**Manm Kongrè Carolyn B. Maloney te deklare**, "Mwen te depi lontan yon defansè pou espas ouvri nan Vil New York, epi kòm Manm Kongrè a pou Roosevelt Island, ansanm ak pou bò dlo Astoria ak Esplanad Rivyè Lès la, mwen konnen dirèkteman ijans rezistans kotyè ak pwoblèm anviwònmanal yo ki pèsiste nan Rivyè Lès (East River) la. Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak Roosevelt Island Operation Corporation (RIOCI) dèske yo priyorize pwomnad bò dlo Pak Southpoint lan yo nan elaji pwen obsèvasyon yo avèk santye ak vejetasyon natif natal. Non sèlman abitan Roosevelt Island yo kapab jwi nouvo espas ouvri sa a, men sa pral ranfòse litoral la kont domaj tanpèt alavni".

**Senatè José Serrano te deklare**, "Pandan n ap fè fas ak chanjman klimatik, mwen kontan n ap pran prekosyon nesèsè pou asire litoral nan Pak Southpoint lan ranfòse, pandan n ap kenbe abita lavi sovaj ki egziste yo. Amelyorasyon sa yo non sèlman pral pwoteje Roosevelt Island lan kont move tan men tou pral ogmante aksesibilite ak opòtinite lwazi pou rezidan ak vizitè yo pandan plizyè ane alavni".

**Manm Asanble a Rebecca Seawright te deklare**, "Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul ak Direktè Egzekitif Jeneral Roosevelt Island Operating Corporation, Shelton Haynes, dèske yo priyorize Pak Southpoint lan avèk 11 milyon dola nan finansman pou rezistans ak pwomnad yo bò dlo a. Avèk achèyman pwojè vital sa a, rezidan ak vizitè yo kapab san danje ak jwi kèk nan panorama inik peyizaj iben an ke nou kapab wè sèlman depi Roosevelt Island".

**Prezidan Awondisman Manhattan nan Gale A. Brewer te deklare**, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou investisman eta a nan rann Roosevelt Island vin pi rezistan. Pwojè a bay yon plas fètil pou lavi sovaj epi pral elaji ak revitalize litoral zile a nan bay nouvo pwen obsèvasyon pou rezidan ak vizitè yo jwi".

**Manm Konsèy Ben Kallos te deklare**, "Pa gen okenn plas nan Vil New York tankou Roosevelt Island epi Pak Southpoint revitalize a ajoute nan bote zile a. Mwen kontan dèske pwomnad revitalize yo ofri pwoteksyon nesèsè pou litoral zile a kont danje katastwòf natirèl alavni ak chanjman klimatik, ansanm ak yon espas amelyore pou rezidan ak touris yo pou pwofite istwa ak panorama Pak la. Mèsi RIOCI ak Gouvènè Hochul dèske nou te dirije pwojè sa a".

### Konsènan Roosevelt Island Operating Corporation (RIOC)

Roosevelt Island Operating Corporation (RIOC) te kreye an 1984 pa Eta New York kòm yon kòporasyon avantaj piblik ki gen yon misyon pou planifye, elabore, devlope, opere, epi soutni Roosevelt Island. Avèk yon aksan sou solisyon ki inovatè epi ki apwopriye sou plan anviwònmantral yo, RIOC angaje nan bay sèvis ki ranfòse kominote rezidansyèl zile a. RIOC ap jere wout twa kilomèt, pak, bilding, yon etablisman espòtif, ak transpò piblik zile a, sa gen ladan yon Tramway ikonik Roosevelt Island lan. An plis, RIOC ap jere yon Depatman Sekirite Piblik (Public Safety Department) ki ap ede kenbe yon anviwònman ki seren epi sekirize pou abitan, anlwaye, pwopriyetè biznis, ak vizitè yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418